



Pou Piblikasyon Imedya: 26/03/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**DEKLARASYON GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL SOU REDIKSYON FEDERAL MAJÈ  
NAN SÈVIS SANTE PIBLIK, SANTE MANTAL, AK SÈVIS ADIKSYON YO**

"Yè, Depatman Sante ak Sèvis Imen (Department of Health and Human Services) federal la te fè Administrasyon nou an konnen yo gen entansyon koupe plis pase 300 milyon dola nan finansman pou Depatman Sante (Department of Health, DOH), Biwo Sèvis ak Sipò kont Adiksyon (Office of Addiction Services and Supports, OASS), ak Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH) Eta Nouyòk la. Sa yo enkli fon ke depatman sante konte atravè Nouyòk ap planifye pou itilize pou konbat maladi epi kenbe moun yo an sekirite. Nan yon moman kote Nouyòk ap fè fas ak yon epidemi opyoyid k ap kontinye, plizyè ka lawoujòl konfime ak yon kriz sante mantal k ap kontinye, rediksyon sa yo pral devastè.

"Fò n pa twonpe nou: pa gen okenn Eta nan peyi sa a ki gen resous finansye pou ranbouse gwo rediksyon finansman federal DOGE ak Repibliken Kongrè a pwopoze yo. Yo ap eseye dechire filè sekirite sosyal la ki leve fanmi yo soti nan povrete ak bay tout moun yon chans pou yo viv yon lavi klas mwayèn. Rediksyon sa yo pa sèlman chif sou yon paj - yo pral fè mal ak moun reyèl nan chak kwen nan Nouyòk.

"Pou chak tantativ yo fè pou kenbe finansman sa a, nou pral goumen ak tout zam nou. Mwen pral fè tout sa ki nan pouvwa mwen pou pwoteje sante ak byennèt Nouyòkè yo."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)